



# Gid Referans Rapid Sou Avantaj yo

Konsantre w sou sante! Sèvi ak ti liv sa a pou ede w konprann nouvo plan swen sante w ak avantaj ou yo.



## GADE ANNDAN POU JWENN:



Kòman ou kreye kont ou.



Kikote ou ta dwe ale pou jwenn swen.



Kòman pou jwenn epi chwazi yon doktè.



Sèvis swen sante yo.



Kòman pou w genyen dola rekompans.



Avantaj ki Gen Valè Ajoute yo.



## Byenveni nan Delaware First Health – plan asirans Medicaid ou a.

Kòm yon plan asirans Medicaid, Delaware First Health la pou ede w jwenn swen ou bezwen pou w rete an sante. Nan gid sa a, n ap ba w enfòmasyon enpòtan sou plan swen sante w la. W ap aprann kijan pou jwenn yon doktè, pran randevou, konprann avantaj ou yo, epi dekouvri anpil rekonpans ak avantaj siplemantè nou ofri manm nou yo. Objektif nou se fè pakou swen sante ou senp epi fasil.



### Kòman pou sèvi ak gid sa a:

Sèvi ak gid sa a pou asire w ke w ap pwofite maksimòm nan plan swen sante w la. Gid sa a se yon “referans rapid” pou ede w reponn kesyon, swiv pwochen etap yo, epi jwenn fòmilè ou ka bezwen yo.



## Lis Kontwòl Nouvo Manm yo

Lis kontwòl sa a gen travay enpòtan pou w fè pandan **premye 30 jou w yo** kòm manm. Sa ap ede w kòmanse pakou swen sante w epi asire w ke w pwofite maksimòm nan plan swen sante w la. Ou ka jwenn rekonpans My Health Pays® tou lè w fè aktivite sa yo.



Pou plis enfòmasyon, vizite sitwèb nou an **DelawareFirstHealth.com**.



Si w gen nenpòt kesyon sou eleman ki nan lis kontwòl sa a oswa si w bezwen asistans, rele Sèvis pou Manm nan **1-877-236-1341** (TTY: **711**).

- Konfigire pòtay manm ou a.** Ou ka jwenn **\$10 rekonpans** pou kreye yon kont. Pou plis enfòmasyon sou kreyasyon yon kont, ale nan paj 6 la. Si w bezwen asistans, ou ka rele ka rele Sèvis pou Manm yo.
- Enskri pou yon sesyon oryantasyon pou nouveau manm.** Ou ka enskri lè w vizite **DelawareFirstHealth.com/events**. Sesyon sa yo fèt chak mwa epi ou ka patisipe anliy oswa nan telefòn.
- Ranpli Evelyasyon Risk pou Sante ou (HRA) epi genyen yon rekonpans \$20.** Ou ka ranpli li pandan ou ap klike isit la:
  - Rele Sèvis pou Manm yo.
  - Lè w konekte sou kont ou sou Portay Manm sou anliy la (anba Depistaj Sante).
  - Ranpli fòmilè HRA ou te resevwa nan dosye sa a epi voye l pa lapòs.
- Chwazi yon Founisè pou Swen Jeneral (PCP).** Sa se yon doktè oswa enfimyè ki bay, planifye ak oswa ede w jwenn aksè ak sèvis swen sante yo. Ou ka genyen **\$15** Lè ou konfime PCP ou a.
- Apre w fin chwazi PCP w la, **pran premye randevou w la** epi **genyen \$25** pou yon vizit depistaj adilt oswa **\$25** pou yon vizit depistaj pedyatrik (pou timoun ki gen laj 2-18).
- Enskri pou pwochen reyinyon Konsèy Konsilitatif Manm nan (MAC).** Ou ka enskri pou reyinyon an nan **DelawareFirstHealth.com/events** oswa pandan w ap rele Sèvis pou Manm yo. Ou ka rantre nan reyinyon an an pèsòn, anliy oswa pa telefòn. Manm ki prezan yo pral resevwa **yon kat kado \$50**.
- Kenbe kat idantite (ID) manm Delaware First Health avèk ou pou tout vizit yo.** Si w pa resevwa kat idantite (ID) w pa lapòs, tanpri rele Sèvis pou Manm yo.
- Alète w pou yon apèl byenvini nan Sèvis pou Manm Delaware First Health yo. Si w rate apèl nou an, ou ka rele nou nan **1-877-236-1341** (TTY: **711**). Lè ou rele, nou ka mete ajou enfòmasyon kontak ou epi asire ou ka jwenn enfòmasyon enpòtan sou sante nan telefòn ak imèl.



# Pwofite omaksimòm de plan swen sante ou an pou rès ane a ak chak ane apre sa.

Yon fwa w fin ranpli lis kontwòl 30 jou w la, gen anpil bagay ou ka fè pou w pwofite omaksimòm nan plan swen sante w la ak pou w rete an sante epi enfòme. Lis kontwòl sa a gen aktivite enpòtan ki sèn ke ou menm ak fanmi ou ka pratike pandan tout ane a. **Ou ka jwenn rekompans My Health Pays® pou anpil nan aktivite sa yo.**

## Jwenn rekompans ou pou vizit sante ou yo ak vaksinasyon ou yo!

- Vizit medikal anyèl pou granmoun (\$25)
- Vizit medikal anyèl pou timoun (\$25)
- Vizit dantè anyèl (\$20)

### Depistaj Sante

- Kansè nan matris (\$30 pou tès depistaj chak twazan)
- Kansè nan tete (\$25 pou tès depistaj chak dezan (laj 40-74))
- Kansè kolorektal (\$20 pou tès depistaj chak dezan (50-75 ane))
- Klamidya
- Tès sik nan san pou adilt ki gen dyabèt
- HbA1c anyèl pou granmoun ki gen dyabèt ki gen laj 18 a 75 (\$20)
- Egzamen anyèl nan retin pou granmoun ki gen dyabèt (\$25)

### Vaksinasyon yo

- Grip anyèl (\$15)
- Nemogokòk (pwoteje kont enfeksyon bakteri tankou nemoni)
- Td/Tdap (ka anpeche tetanòs (T), difteri (D) ak koklich (aP))
- Zoster (ka anpeche zona)



Si w gen nenpòt kesyon sou eleman sa yo ki nan lis kontwòl sa a oswa ou bezwen asistans, ou ka rele Sèvis pou Manm yo nan **1-877-236-1341** (TTY: **711**).



## Rete Enfòme.

Andeyò aktivite ki sèn yo, gen lòt fason pou asire w ke w ap resevwa tout sa Delaware First Health gen pou ofri. Vizite **DelawareFirstHealth.com**.

- Tcheke kalandriye evènman nou an pou w konnen ki evènman k ap pase nan kominate w la.
- Li bilten enfòmasyon chak trimès pou manm *Whole You* sou sit wèb nou an.
- Pou jwenn resous kominotè tankou gadmanje manje, abri, oswa resous travay, vizite rejis resous nou an nan **DelawareFirstHealth.findhelp.com**.
- Chak ane, w ap bezwen renouvre dosye Medicaid ou a (yo rele tou redetèminasyon) pou kenbe kouvèti Medicaid ou a.
- Asire w ke w mete enfòmasyon w yo ajou avèk DHSS. Ou ka fè sa lè w ale nan adrès sa a **assist.dhss.delaware.gov**. Oswa lè w rele inite Relasyon Kliyan an nan **1-866-843-7212**.





# Nimewo Telefòn Enpòtan

**Nan ka ijans, rele 911.**

## Pou jwenn èd nan ka yon kriz ki gen rapò ak sante konpòtmantal, ou ka rele:

- Liy Asistans Nasyonal pou Prevansyon Kont Swisid: **988**
- DSAMH liy asistans gratis pou kriz nan sante konpòtmantal la (yo):
  - Liy Asistans Northern Delaware: **1-800-652-2929**
  - Liy Asistans Southern Delaware: **1-800-345-6785**
  - DSCYF 24/7 Sipò pou Jèn ki Nan Kriz: **1-800-969-4357**

## Rele Sèvis pou Manm yo nan **1-877-236-1341** (TTY: 711) pou bezwen manm yo ki pa ijan, tankou:

- Kesyon sou avantaj yo.
- Asistans pou chanje oswa chwazi yon Founisè pou Swen Primè (PCP).
- Sèvis Vizyon yo.
- Sèvis Dantè yo.
- Sèvis famasi.
- **Liy Asistans Enfimyè (24/7):** Liy Konsèy Enfimyè nou an pare pou reponn kesyon sante w 24 sou pa jou, sèt jou sou sèt — chak jou nan ane a.
- **Jesyon Swen:** Jesyon swen ak akonpayman pou sante fè pati avantaj ou yo epi ou resevwa yo san ou pa peye anyen.



## Mande Enfòmasyon Siplemantè ak Tradiksyon Oral

Delaware First Health ka ede w si w bezwen sèvis entèpretasyon pou nenpòt nan sèvis swen sante w yo. Ou ka mande tou pou yo voye gid sa a oswa nenpòt nan dokiman nou yo ba ou gratis. Si w bezwen plis enfòmasyon oswa sèvis, tankou entèpretasyon oral, tradiksyon oral, èd ak sèvis oksilyè, enfòmasyon ekri nan lang prensipal ki pa angle, ak enfòmasyon ekri nan fòma altènatif, rele nou nan **1-877-236-1341** (TTY: 711).



# Jwenn Dokiman ak Resous Anliy

Vizite **DelawareFirstHealth.com** pou konnen tout avantaj ki genyen nan plan swen sante w la epi ranpli fòmilè enpòtan yo sou Entènèt. Avantaj sa yo enkli swen medikal, sante konpòtmantal, swen dantè, swen vizyon ak plis ankò.

**Dokiman enpòtan sa yo disponib sou sitwèb nou an.**  
**Vizite DelawareFirstHealth.com epi chèche:**



## REPÈTWA FOUNISÈ

Ou ka jwenn Repètwa Founisè Plan Swen Sante Delaware First la sou entenèt. Pou jwenn lis doktè ki pi ajou yo, itilize zouti rechèch founisè nou an pou fè rechèch anliy. Yo mete lis sa a ajou chak jou.



## MANYÈL POU MANM

Manyèl pou Manm Delaware First Health disponib sou sitwèb nou an nan seksyon Manm lan. Li genyen enfòmasyon itil sou kouvèti ou ak avantaj ou yo.



## LIS MEDIKAMAN PREFERE (PDL) / LIS MEDIKAMAN REFERANS

W ap jwenn enfòmasyon sou PDL la ak fòmilè a sou sitwèb nou an. Men yon lis medikaman ki kouvri pa Delaware First Health.



## BILTEN ENFÒMASYON POU MANM YO

Delaware First Health pibliye yon bilten enfòmasyon pou manm yo chak trimès sou sitwèb li a ak detay ak konsèy pou kenbe ou an sante ak enfòme.



## EVÈNMAN

Jwenn enfòmasyon sou evènman nou yo k ap vini yo, tankou ekspozsyon ti bebe yo nan kominate a, konsèy konsiltatif manm yo, oryantasyon nouvo manm yo, ak plis ankò.

**Pou mande yon kopi enprime nenpòt nan eleman ki endike anwo a, tanpri rele Sèvis pou Manm yo nan **1-877-236-1341** (TTY: **711**). Nou pral ba w dokiman sa yo gratis.**

## Si ou pa gen aksè entènèt, nou ka ede w

Sèvis pou Manm yo ka voye dokiman ba ou, ede w jwenn yon doktè, ede w louvri yon kont, oswa reponn nenpòt lòt kesyon, tout sa gratis pou ou. Rele Sèvis pou Manm yo nan **1-877-236-1341** (TTY: **711**).

W ap jwenn fòmilè itil tou nan fen gid sa a ak nan dosye ki akonpaye li an. Si w bezwen asistans, ou ka rele Sèvis pou Manm yo ki ka ranpli fòmilè yo nan telefòn. Ou kapab tou ranpli fòm yo alamen epi retounen yo pandan ou ap sèvi avèk anvlòp pre-afranchi ki enkli nan dosye w la.



# Konfigire Kont Manm Anliy Ou An

Li fasil pou w jwenn enfòmasyon sou swen sante w sou entènèt. Ou ka genyen tou yon **rekonpans \$10 sou kat rekonpans My Health Pays® ou an.**

Pou demare, ale sou **Member.DelawareFirstHealth.com** epi klike sou “Create New Account” (Kreye Nouvo Kont) pou fè yon kont ak EntryKeyID. Si w deja gen yon idantifyan EntryKeyID, ou ka itilize menm imèl ak modpas la pou pòtay pou manm Delaware First Health yo. Si w bezwen èd pou ouvri kont ou, ou ka jwenn plis enfòmasyon nan Manyèl pou Manm sou Entènèt la oswa ou ka rele Sèvis pou Manm lan nan nimewo sa a **1-877-236-1341** (TTY: **711**).

English ▾

**delaware  
first health**

**Log In**

Email Address \*

**CONTINUE**

[Create New Account](#)

single password  reliable security  
EntryKeyID

[Help](#) [Privacy Policy](#) [Terms of Use](#) © 2023 Centene

## SWIV ETAP KI ANBA YO POU KREYE KONT OU AN:

### Pou fè yon kont, w ap bezwen:

- Yon adrès imèl.
- Idantifikasiyon (ID) w kòm manm, ki sou kat afilyasyon ou a.
- Prenom w, non fanmi w, ak dat nesans ou.

Email Address \*  
First Name \*  
Last Name \*  
Select Language Preference \*  
CONTINUE  
CANCEL  
Already have an account? Link  
By creating an account, you are agreeing to the terms and conditions of the website

### ETAP 1:

Swiv etap yo ki sou ekran an pou kreye kont ou ak modpas ou. W ap bezwen verifye adrès imèl ou ak yon Kòd Verifikasiyon pou kontinye.

Verify Email Address  
Please do not close this window.  
We sent a code to your email. Don't see it? Check your spam or junk email.  
Enter the code below. This code will stop working after 5 minutes.

Verification Code \*

CONTINUE  
RESEND CODE  
CANCEL

### ETAP 2:

Apre ou fin konekte, w ap oblige antre idantifikasiyon (ID) w kòm manm ak dat nesans ou pou lye nouvo EntryKeyID ou an.

Member ID  
Member Date of Birth  
Format: MM-DD-YYYY  
SUBMIT

Let's verify you have a plan.

Terms and Conditions | Privacy Policy

Copyright © 2022, Centene Corporation

### ETAP 3:

Yon fwa kont ou konfigire sou pòtay pou manm Delaware First Health yo, w ap kapab wè kat idantite (ID) w, sitiyasyon kalifikasyon w, done sou sante w, reklamasyon, evalyasyon risk, ak plis ankò. EntryKeyID ou an ka itilize tou pou jwenn aksè ak done sou sante w apati aplikasyon tyès pati ki sipòte aksè pasyan yo.

Success!

Thank you for registering! You can now access the portal.

PORTAL HOME

Terms and Conditions | Privacy Policy

Copyright © 2022, Centene Corporation

Ou ka jwenn aksè kounye a sou pòtay manm nan pandan w prale sou **Member.DelawareFirstHealth.com** epi konekte.



# Kòmanse Resevwa Dola Rekonpans

## *my health pays® yo*

**Li fasil pou fè lajan *My Health Pays®* dola rekonpans.**

Antanke manm Delaware First Health, nou rekonpanse ou pou aktivite sèn ou yo. Apre w fin fè yon aktivite ki an sante, n ap ajoute Dola Rekonpans ou te genyen dirèkteman nan kat prepeye *My Health Pays® Visa®*.

Nou pral voye kat prepeye *My Health Pays® Visa®* ou a pa lapòs apre ou te fin fè premye aktivite ki sèn ou a. Ou ka kontinye genyen rekonpans *My Health Pays®* lè w fè plis aktivite ki an sante. Yo pral ajoute rekonpans ou yo sou kat ou a menm moman ke nou resevwa notifikasyon ou a.

### **ITILIZE REKONPANS *my health pays®* OU YO POU EDE W PEYE POU:**

- Sèvis Piblik
- Transpò
- Telekomunikasyon (fakti telefòn)
- Sèvis gadri
- Edikasyon
- Lwaye
- Atik chak jou, lè ou achte nan Walmart\*

Ou ka genyen rekonpans lè w ranpli kèk fòmilè, ranpli tès depistaj anyèl, vizit bilan sante anyèl tès, elatriye. Ou ka resevwa rekonpans soti **\$10 rive \$50 pou chak aktivite**.



**VIZITE [DELAWAREFIRSTHEALTH.COM](http://DELAWAREFIRSTHEALTH.COM)/VAB POU PLIS DETAY AK  
YON LIS KONPLE TOUT *my health pays®* REKONPANS YO!**

\*Kat sa a pa ka itilize pou achte alkòl, tabak oswa zam afe.

Se The Bancorp Bank, Member FDIC ki bay kat sa a, selon yon lisans Visa U.S.A. Inc. akòde. Kat la ka itilize tout kote yo aksepte kat debi Visa yo. Gade Kontra Mèt Kat la pou jwenn enstriksyon konplè sou limit itilizasyon yo.

Fon yo ekspire 90 jou apre kouvèti asirans lan fini oswa 365 jou apre dat yo te resevwa rekonpans lan, selon sa ki vini anvan an.



# Resevwa rekonpans lè w ranpli HRA ou a

Delaware First Health vle ede w fè w vini epi rete an sante. Evalyasyon Risk pou Sante (HRA) nou an ede nou kenbe okouran ak bezwen aktyèl nan kesyon sante. **Ou pral resevwa tou yon rekonpans \$20 My Health Pays® pou paske ou te fini HRA ou a.**

Nou itilize fòmilè sa a pou dekouvri nenpòt chanjman sou sante ou te genyen yo. Se poutèt sa li enpòtan pou ranpli fòmilè sa a chak ane. Gras ak enfòmasyon sa yo, nou ka reponn bezwen espesifik ou yo nan kesyon sante w pandan nou ofri sèvis siplémentè oswa asistans.



## RANPLI FÒMILÈ EVALYASYON RISK SANTE (HRA) A

Fòmilè sa a konfidansyèl. Sa vle di enfòmasyon ou yo konfidansyèl epi an sekirite. W ap jwenn fòmilè nan dosye ki te vini ak gid sa a. Si w chwazi voye l pa lapòs, sèvi ak anvlop la “Medical Management Notifications.” Asire w ou ranpli yon fòmilè pou chak manm Delaware First Health nan kay ou a. Si w bezwen lòt fòmilè oswa ou ta renmen ranpli fòmilè sa a sou Anliy, ou ka konekte nan pòtay manm ou a pandan ou ap vizite **Member.DelawareFirstHealth.com**. Ou ka rele Sèvis pou Manm yo tou pou jwenn lòt fòmilè oswa pou w ranpli fòmilè a nan telefòn. Rele **1-877-236-1341** (TTY: **711**) jodi a.

Eskane kòd QR a ak telefòn ou pou ranpli fòmilè sa a sou pòtay manm lan.





# Founisè Swen Jeneral (PCP)

## Founisè Swen Jeneral ou a (PCP) se premye doktè pèsonèl ou.

Lè ou vin yon manm nan Delaware First Health, ou dwe chwazi yon PCP nan espas 30 jou sivil.

Si w pa chwazi yon PCP, n ap chwazi youn pou ou. Si w konfime PCP w la nan 30 jou apre w fin enskri, ou ka genyen **\$15 My Health Pays® pou rekompans**. Ou ka chanje PCP w la nenpòt lè.

Toujou kontakte PCP ou a lè w santi w malad oswa lè w gen kesyon sou sante w, pou w ka resevwa pi bon swen an.

### FASON POU CHWAZI OSWA CHANJE PCP OU AN:

- 1 Itilize pòtay sekirize pou manm yo sou sitwèb nou an nan **Member.DelawareFirstHealth.com**.
- 2 Rele Sèvis pou Manm yo nan **1-877-236-1341** (TTY: **711**) pou ede w. Mande pou pale ak yon konseye manm pou jwenn plis enfòmasyon sou pwosedi sa a ak avantaj ou yo.

N ap voye yon novo kat idantifikasyon (ID) manm Delaware First Health apre w fin chwazi yon novo PCP.

### JWENN YON PCP

Vizite **DelawareFirstHealth.com** repètwa founisè sou entènèt.

-oswa-

Rele nou nan **1-877-236-1341** (TTY: **711**). Nou ka ede w chwazi yon PCP.

Ou ka rele nou tou si ou ta renmen jwenn plis enfòmasyon sou yon PCP. Nou ka di w ki lang founisè a pale, si yo pa nan rezo a, ki kote yo tabli, ak aranjman yo pou aksesiblite anplasman.

Eskane kòd QR la ak  
telefòn ou pou jwenn  
aksè nan Repètwa  
Founisè a



## KÒMAN POU MWEN KONNEN KI MOUN KI PCP MWEN AN?

Ou ka jwenn PCP w la lè w gade kat idantite (ID) manm ou a, lè w konekte sou Pòtay manm ou a, oswa rele Sèvis pou Manm yo nan **1-877-236-1341** (TTY: **711**).

## EGZAMEN BYENNÈT ANYÈL OU

Depi w fin chwazi PCP w la, rele pou w pran yon randevou pou premye vizit ou a.

Yon bilan sante chak ane ak PCP ou a se pi bon fason pou w rete enfòme sou sante w. Ou ka gen rekonpans *My Health Pays®* pou ale nan egzamen anyèl yo.

**Adilt yo ka genyen \$25 epi timoun ki gen laj 2-18 an ka genyen \$25.** Pale ak doktè ou sou nenpòt chanjman sante ou te remake oswa nenpòt enkyetid ke ou ka genyen.

PCP ou a ka rekòmande tès oswa lòt sèvis swen prevantif pou ede kontwole sante w, tankou tès depistaj pou kansè nan matris, kansè nan tete, oswa kansè kolorektal. Pran opòtinite sa a pou poze nenpòt kesyon ou vle.



**Si ou bezwen èd pou  
pwograme vizit ou an,  
rele nou nan  
1-877-236-1341  
(TTY: 711).**



# Aprann Sou Kouvèti Ou An

## Delaware First Health ofri yon divès sèvis swen sante.

Nou ofri anpil avantaj pou manm nou yo. Kèk nan yo endike anba a. Pou yon lis konplè sèvis nou yo, tanpri vizite **DelawareFirstHealth.com** epi ale nan “Benefits and Services” (Avantaj ak Sèvis). Apre sa, chwazi “Benefits List” (Lis Avantaj yo). Ou ka jwenn lis la nan manyèl pou manm nou an.

**Epitou ou ka eskane kòd QR a pou ale dirèkteman nan Lis Avantaj nou yo**



### Sèvis Medikal

- Vizit nan biwo founisè a.
- Medikaman.
- Laboratwa.
- Radyografi.
- Swen sante adomisil.
- Admisyon nan lopital.
- Founiti medikal.



### Sèvis Swen Konpòtmantal

- Sèvis sante mantal pou pasyan ki entène ak pou pasyan ekstèn.
- Sèvis tretman alkòl ak dwòg.
- Sèvis sante mantal reyabilitasyon.
- Sèvis analiz konpòtman aplike.



### Sèvis Vizyon pou Manm ki Gen 21+ (Avantaj ki Gen Valè Ajoute)

Avantaj pou swen zye yo se yon sèvis ki gen valè ajoute ke Delaware First Health ofri bay manm li yo ki gen laj 21 an oswa plis. Sèvis sa a pa disponib nan kad avantaj estanda yo.

- Egzamen je chak ane ak refraksyon.
- Egzamen je ki nesesè sou plan medikal yo kouvri.
- Jiska \$160 pou monti, lantiy ak mizanivo lantiy. oswa lantiy kontak (tankou adaptasyon) chak ane.
- Okenn kopeman.

### Sèvis Vizyon pou Manm ki Poko Gen 21 Lane (Avantaj Medicaid)

- Egzamen je anyèl ak refraksyon, kantite egzamen lè l medikalman nesesè.
- Linèt chak ane oswa lantiy kontak lè l medikalman nesesè.
- Ranplasman ak reparasyon kouvri.
- Ranplasman linèt, si sa nesesè, pou nenpòt rezon (linèt ki nesesè sou medikal oswa lantiy kontak).
- Okenn kopeman yo



## Kouvèti Famasi

Rele **1-877-236-1341** (TTY: **711**) pou jwenn plis detay sou kouvèti famasi ou an.



## Swen Matènité

Pou jwenn plis detay sou kouvèti asirans lan, gade Avantaj seksyon Sante Matènèl ak Timoun nan gid sa a.



## Sèvis Dantè

- Sèvis dantè yo disponib pou manm ki gen 20 an oswa mwens. Gen ladann sèvis tankou:
  - Netwayaj, fliyò, pwodwi, swen pou kari, kanal radikilè, egzamen pa yon òtodontis, ak lòt bagay ankò!
  - Okenn kopeman
- Sèvis dantè yo disponib pou manm ki gen 21 an oswa plis. Gen ladann sèvis tankou:
  - Sa genyen ladan \$1,000 kouvèti chak ane pou sèvis dantè yo (netwayaj, radyografi, ranplisaj kavite, ak plis).
  - Kopeman \$3, pou chak vizit.
- Ekstraksyon dan sajès pou retire dan sajès ki afekte zo pou tout manm yo.



## Avantaj DSHP Plus Sèvis ak Sipò Alontèm (LTSS)

- Sèvis lajounen pou grannoun.
- Sèvis swen oksilyè.
- Altènativ rezidansyèl ki baze Kominotè a ki gen ladan enstalasyon asistans.
- Manje ki livre adomisil.
- Ti modifikasyon nan kay la.
- Sèvis etablisman swen enfimyè.
- Soutyen nitrisyonèl.
- Ak plis toujou!



## Nou ofri tou avantaj sa yo:

- Sipò adisyonèl pou pwoblèm sante konplèks atravè pwogram Jesyon Ka ak Maladi nou yo.
- Transpò (deplasman) nan randevou Eta a bay. Rele **1-866-412-3778**.
- Tanpri rele 72 èdtan alavans pou pwogramme yon trajè.
- Kowòdinasyon swen ak pwogram ak sèvis nan kominote w la.
- Yon ekip defansè manm k ap ede w konprann avantaj ou yo, pran randevou epi ale nan randevou, epi ede w avèk pwosesis pou doleyans (plent) ak apèl la.
- Liy Enfimyè 24/7 pou konsèy imedya sou nenpòt pwoblèm sante.

**Pou jwenn aksè nan sèvis sa yo, rele **1-877-236-1341** (TTY: **711**).**



# Avantaj Sante Matènèl ak Timoun

## Rete Enfòme sou Sante Ptit Ou a

Tibebe ak timoun piti ta dwe wè doktè yo regilyèman. Li enpòtan pou ptit ou a fè yon bilan sante chak ane, menm si li pa malad. Tablo ki anba a montre ki lè ti bebe, jèn timoun ak adolesan ta dwe wè yon PCP. Ou ka jwenn rekonpans tou pou w mennen ptit ou a nan tchèkòp sante yo.

### KALANDRIYE BILAN SANTE



#### Nesans

- 3 a 5 jou
- 1 mwa
- 2 mwa
- 3 mwa
- 4 mwa
- 6 mwa
- 9 mwa



#### Ti Anfans

- 12 mwa
- 15 mwa
- 18 mwa
- 24 mwa
- 30 mwa
- 3 lane
- 4 lane
- 5 lane



#### Mwayèn Anfans & Adolesans

- Chak ane jiskaske timoun ou an gen laj 21 lane

**Bilan sante ptit ou a gen ladan l'yon egzamen ak vaksen pou ede anpeche maladi. Pale ak doktè ptit ou a sou nenpòt pwoblèm sante oswa enkyetid.**

## Rekonpans Sante Matènèl ak Timoun

Èske w te konnen ke ou ka jwenn rekonpans paske w fè aktivite ki an sante pandan gwo sès, apre akouchman, pandan 30 premye mwa nan lavi tibebe w la, epi menm pandan anfans li ak adolesans li?

Lè w fè aktivite ki an sante, tankou ale kay doktè, yo ajoute kantite rekonpans lan nan kat rekonpans *My Health Pays®* la. Ou ka itilize kat rekonpans la pou peye sèvis publik, bòdwo telefòn selilè, gadri, epi achte atik pou chak jou nan Walmart. Pou genyen yon lis konplè aktivite ak kantite montan an, vizite **DelawareFirstHealth.com/VAB**.



## Avantaj Matènité

Avantaj Medicaid estanda yo kouvri swen anvan (prenatal), pandan (travay ak akouchman), ak apre akouchman (pòspatòm).

Ou ka resevwa tou:

- Sèvis yon Doula- avantaj yo gen ladan:
  - Twa (3) vizit doula pandan gwosès.
  - Soutyen pandan tranche ak akouchman.
  - Twa (3) vizit apre nesans.
- Vizit Adomisil.
- Kouvèti pou ponp pou rale lèt.
- Randevou telesante sou demann.
- Sèvis sipò pou alètman.
- Soutyen nitrisyon apre akouchman: Sèvis sa a gen ladan manje, daypè ak lenjèt apre akouchman an.\*

\* Rele Sèvis pou Manm yo jodi a pou plis enfòmasyon sou nenpòt nan avantaj sa yo: **1-877-236-1341** (TTY: **711**).



# Pran Swen Tèt Ou ak Tibebe W la

## *Start Smart for Your Baby*

Pwogram Start Smart for Your Baby® nou an bay sipò ak swen pèsonalize pou manm ki ansent yo ak nouvo paran yo. Pwogram sa a ede w konsantre sou sante w pandan ak apre gwochès ou, ansanm ak sante tibebe w la.

### **START SMART FOR YOUR BABY® OFRI W AVANTAJ SA YO POU OU GRATIS:**

- Enfòmasyon sou gwochès ak swen pou nouvo-ne.
- Asistans kominotè ak lojman, manje, rad, ak bèso.
- Sipò ak resous pou alètman.
- Pèsonèl medikal pou travay avèk ou menm ak doktè ou si ou gen pwoblèm pandan gwochès ou.
- Konsèy sante tèks ak imèl pou ou menm ak tibebe w la.

### **Avi Gwochès**

Si w ansent, tanpri ranpli fòmilè Avi Gwochès la (NOP). Ou ka **genyen \$20** sou kat rekonpans *My Health Pays®* pou ranpli fòmilè sa a. Ranpli fòmilè sou entènèt la atravè pòtay manm yo nan a **Member.DelawareFirstHealth.com** oswa ranpli fòm ki tache ak gid sa a epi retounen pandan ou ap itililize anvlòp pre afranchi. Si w chwazi voye l pa lapòs, sèvi ak anvlòp ki la pou “Medical Management Notifications.”

**Eskane kòd QR a pou ranpli NOP ou an.**





# Itilizasyon Avantaj ak Kouvèti

## Kalifikasyon ak Enskripsyon pou Jesyon Ka

Jesyon ka disponib pou manm DSHP Plus LTSS. Manadjè dosye yo se pwofesonè swen sante ki sèvi kòm defansè pou sipòte, gide, ak kowòdone swen pou ou, fanmi ou, ak moun k ap bay swen ou yo. Manadjè dosye yo kowòdone tout sante fizik ou ak sante konpòtmantal ak sèvis ak sipò alontèm.

Si w panse ou ta ka benefisyé de sèvis jesyon ka oswa ou ta renmen aprann plis, rele Sèvis pou Manm yo nan **1-877-236-1341** (TTY: **711**).

## Kowòdinasyon Sèvis Ak Swen

Kowòdinasyon swen disponib pou tout **manm DSHP ak DSHP Plus**. Kowòdonatè swen an se moun ki ede w jere ak devlope plan swen w lan. Li se tou moun pou kontakte pou nenpòt kesyon oswa enkyetid konsènan avantaj ou yo. Sa fè pati avantaj ki kouvrí yo, ke yo ba ou gratis.

## Otorizasyon Alavans

Delaware First Health dwe apwouve kèk sèvis anvan yo ka bay yo.

Yo rele sa otorizasyon alavans. Tcheke si yo  
mande otorizasyon nesesè alavans lè w vizite

**DelawareFirstHealth.com**. W ap jwenn lis la nan  
“Benefits and Services” (Avantaj ak Sèvis) epi kliké sou “Prior  
Authorization/Referral” (Otorizasyon Alavans/Referans). Epitou  
ou ka jwenn enfòmasyon sa yo lè w rele Sèvis pou Manm yo nan  
**1-877-236-1341** (TTY: **711**).



## Sèvis Swen Sante Ki Neseesè Sou Plan Medikal

Ou dwe jwenn sèvis swen sante sèvis swen sante medikalman  
nesesè nan men founisè k ap patisipe yo. Gen kèk eksepsyon,  
tankou swen pou ka dijans. Ou ka rele nou si w gen nenpòt  
kesyon sou nenpòt nan sèvis yo. Rele Sèvis pou Manm yo  
nan **1-877-236-1341** (TTY: **711**).

## Avantaj Valè Ajoute pou DSHP ak DSHP Plus

Antanke manm Delaware First Health, ou ka resevwa avantaj siplemantè ki depase kouvèti nòmal Medicaid ou a. Yo rele sa yo avantaj ki gen valè ajoute (VABs).

Nou toujou ap travay pou ajoute avantaj siplemantè ak mete ajou avantaj ki egziste deja. Si w gen nenpòt kesyon oswa ou ta renmen plis enfòmasyon sou avantaj aktyèl oswa nouvo, vizit **DelawareFirstHealth.com/VAB** oswa rele Sèvis pou Manm nan **1-877-236-1341** (TTY: **711**).

Avantaj ki Gen Valè Ajoute	APÈSI
Famasi OTC	\$120 pa ane (pa kay) pou pwodwi ki pa mande preskripsyon (OTC). Gen atik tankou kouchèt, detèjan lesiv, founiti pou ti bebe, pwodwi ijyèn ak plis ankò.
Pwogram Byennèt ki Baze sou Kominote a	Pwogram kominotè pou soutni objektif byennèt yo: <ul style="list-style-type: none"><li>Timoun (ki poko gen 18 ane): Klèb Tigason ak Tifi oswa lòt pwogram.</li><li>Adilt ki Gen 18+ lane ki gen BMI 25+: WeightWatchers®.</li><li>Adilt ki gen 60+: Manm Sant pou granmoun aje ak pwogram ak sèvis siplemantè.</li></ul>
Leson Patikilye ak Tès GED	Manm ki genyen 16 lane ak plis yo ki pa enskri nan lekòl la ka <b>resevwa jiska \$200</b> lè yo seleksyone tès GED ak sèvis titora yo.
Pwogram Rekonpans My Health Pays® La	Genyen rekonpans lè w ranpli aktivite sante ki elijib yo. Men sa yo enkli egzamen medikal chak ane, vaksen kont grip ak kèk tès preventif. Manm yo ka resevwa <b>rekonpans soti \$10 jiska \$50 pa aktivite</b> . Vizite sitwèb nou an pou yon lis konplè tout rekonpans yo.
Telefòn Pòtab	Ede pou jwenn yon telefòn pòtab san w pa peye anyen. Pou manm k ap travay avèk yon manadjè ka oswa kowòdonatè swen.
Avantaj pou Vizyon	Adilt (ki gen laj 21 an oswa plis) ap sibi egzamen je woutin ak <b>\$160 pa ane pou egzamen je ak linèt</b> .
Titora	<b>Jiska sizèdtan</b> titora pou manm yo ki nan klas K-12 yo ki riske pou yo pa ta fè ase nòt nan youn oswa plizyè matyè.
Lojman	<b>Jiska \$2,500 nan resous lojman yo</b> disponib pou manm elijib ki sanzabri oswa ki bezwen èd pou fè tranzisyon soti nan yon etablisman* oswa yon kay adoptif pou vin viv endepandan. Pa ka depase \$2,500 pou lavi. (*Montant sa a anplis avantaj LTSS tranzisyon swen alontèm eta a).

(Swit nan pwochen paj la)

<b>Avantaj ki Gen Valè Ajoute</b>	<b>APÈSI</b>
Jesyon Opresyon	Sipò pou opresyon ki pa klinik nan kay la. Sa a ta ka gen ladan retire mwazi, netwaye tapi, kabann ipoalèjenik, pwodwi netwayaj ki ba-VOC, oswa pirifikatè lè.
Sipò pou Izòlman Sosyal	Aplikasyon mobil ki bay sipò ak apèl nan telefòn pou manm, ki gen laj 18 an oswa plis, ki bezwen èd siplemantè (extra help) pou jwenn resous, amelyore atitud yo oswa enkyetid yo, oswa jis vle yon moun pale ak.
Manje yo delivre lakay ou apre w fin kite lopital la	<b>Manje yo delivre nan kay la</b> pou manm ki riske apre yo fin kite lopital la.
Aplikasyon pou Soutyen Sante Konpòtmantal	Aksè nan yon aplikasyon mobil pou ede jere estrès, anksyete, doulè kwonik, ak plis toujou. Pou manm ki gen 13 lane ak plis yo.
Transpò pou Sante Konplè	Transpò (trajè) nan sèvis valè ajoute (WeightWatchers®, Tès GED, elatriye.) ak lòt sèvis ak evènman ki kalifye yo, tankou trajè pou ale nan famasi ak livrezon preskripsiyon adomisil, kote sa disponib.
Vizit Dantè Pratik	Vizit dantè pratik avèk yon nouvo dantis pou rankontre avèk ekip dantè a, preferans vwa ak enkyetid, epi konprann sa k ap pase nan yon randevou dantè alavans de tout egzamen oswa tretman.
Pwogram Prevansyon Kont Dyabèt	Pwogram chanjman fòm ki gen ladann manje sèn ak aktivite fizik.



# Ki Kote Ou Ta Dwe Ale pou Resevwa Swen

## Jwenn Bon Swen an nan Bon Kote a

Asire w ou konnen ki kote pou w jwenn swen medikal lè w bezwen li. Si w malad oswa blese, ou gen plizyè opsyon pou jwenn swen ou bezwen an.



### FOUNISÈ SWEN JENERAL (PCP)

PCP ou a se yon doktè oswa enfimyè ki bay, planifye ak/oswa ede w jwenn aksè ak sèvis swen sante yo. Rele biwo a pou w planifye yon vizit si w pa bezwen swen medikal imedy. Pou chwazi yon PCP, ou ka konekte nan kont ou sou Portay Manm oswa rele Sèvis pou Manm nan **1-877-236-1341** (TTY: **711**).

*Al wè PCP w la si w bezwen:*

- Ede ak rim sèvo, grip, ak lafye.
- Swen pou pwoblèm sante kontini, tankou opresyon oswa dyabèt.
- Yon egzamen byennèt anyèl.
- Vaksinasyon.
- Konsèy jeneral sou sante jeneral ou.



### TELLESANTE (VIZIT VITYÈL YON DOKTÈ)

Telemedsin se yon vizit vityèl ak yon doktè ki nan rezon a ki fèt nantchat vidyeo. Apre ou fin kreye kont ou an, ou ka pwograme vizit la nan aplikasyon an. Apresa, ou menm ak yon doktè w lan pral rankontre pou diskite sou pwoblèm sante ou an oswa kesyon ou yo.

Ak telemedsin ou gen aksè 24 èdtan ak founisè anndan rezo a pou pwoblèm sante ki pa ijans.

**Pou plis enfòmasyon, verifye depliyan telesante ki te vini ak gid enskripsyon sa.**

**Ou ka vizite tou [DelawareFirstHealth.com/telehealth](http://DelawareFirstHealth.com/telehealth) pou aprann plis.**



## LIY KONSÈY SWEN ENFIMYE 24/7

Liy Konsèy Enfimye 24/7 Nou an se yon liy telefonik enfòmasyon gratis. Pwofesyonèl medikal yo disponib pou reponn kesyon sou sante w. Yo ka ede tou deside si ou ta dwe wè PCP ou epi ede w fikse randevou w la.

***Rele Liy Asistans Enfimye 24/7 nou an nan 1-877-236-1341 (TTY: 711) si ou bezwen:***

- Ede konnen si w ta dwe wè PCP w la.
- Ede pran swen yon timoun ki malad.
- Repons pou kesyon sou sante w yo.



## SANT POU SWEN IJAN

Sant pou swen ijan yo ede fè dyagnostik ak trete maladi oswa blesi ki pa menase lavi men ki pa ka tann jiska demen. Si kabinè PCP w la fèmen, yon sant pou swen ijan ka ba w swen rapid ak pratik. Sant pou swen ijan yo ka ofri tou tan atant ki pi kout pase yon sal ijans (ER).

***Ale nan yon sant swen ijan ki nan rezo a pou:***

- Antòs.
- Enfeksyon nan zòrèy.
- Gwo lafyèv.
- Sentòm grip ak vomisman.





## SAL IJANS (ER)

Nenpòt bagay ki ta ka mete lavi w andanje (oswa lavi pitit ou ki poko fèt, si w ansent) san atansyon medikal imeda konsidere kòm yon sitiaysyon ijans. Sèvis ijans trete blesi aksidan oswa aparisyon sa ki sanble yon kondisyon medikal.

**Remake: Sèvis ijans yo pa bezwen otorizasyon alavans.**

**Nan ka ou genyen yon ijans, rele 911 oswa ale nan ER ki pi pre a. Apre tretman an, rele PCP ou nan espas 24 èdtan oswa pi vit posib.**

**Ale nan ER a si ou genyen:**

- Zo kase.
- Senyen ki pa kanpe.
- Doulè tranche oswa lòt senyen (si w ansent).
- Gwo doulè nan pwatrin oswa sentòm atak kadyak.
- Sentòm chòk (swe, swaf dlo, vètij, po pal, elatriye).
- Konvilsyon oswa kriz.
- Pwoblèm respirasyon.
- Enkapasite toudenkou pou wè, deplase, oswa pale.

**Evite ER la epi kontakte PCP ou an oswa fè yon vizit telesante si ou genyen:**

- Grip, rim sèvo, gòj fè mal, oswa zòrèy fè mal.
- Antòs oswa foul.
- Koupe oswa grafouyen ki pa bezwen koud.
- Plis renouvèlman medikaman oswa preskripsyon.
- Gratèl nan kouchèt.



## Èske ou gen Medicare tou?

Eta Delaware te fè mizanplas plan swen kowòdone pou moun ki gen alafwa Medicaid ak Medicare. Sa ede nou pi byen jere swen ou. Delaware First Health ofri plan swen sante pou manm ki gen alafwa Medicaid Medicare atravè plan Wellcare nou yo.

Pou aprann plis sou Plan pou Bezwèn Espesyal Doub Elíjib nou an (D-SNP) ak Wellcare, vizite **Wellcare.com/DE**. Ou ka rele nou tou nan **1-877-236-1341** (TTY: **711**) pou aprann plis sou plan D-SNP nou ofri yo.









**DelawareFirstHealth.com**

**1-877-236-1341**

**TTY: 711 (Andikap Oditif)**

©2024 Delaware First Health

750 Prides Crossing  
Suite 200  
Newark, DE 19713